

# 18

fevriye

**Ki benefis yon moun ka fè, si li ta genyen lemond antye, epi, pou li ta fè pèd oubyen defisi pwòp tèt li?** Lik 9. 25

## **Genyen gwo lo a**

Toutotan poko gen moun ki genyen djapòt yon lotri, y ap ogmante kòb la, epi plis moun ap jwe pou tante chans pa yo. Konsa, posiblite pou yon moun genyen vin pi piti, epoutan, tout moun ap reve pou yo genyen gwo lo a.

Men Bib la poze kesyon sa a : Ki benefis yon moun ka fè si li ta genyen lemond antye... tout richès ki sou latè ? Epoutan, lè lavi nou va fini, ni moun ki milyadè, ni moun ki pòv, nou pa prale ak anyen, eksepte *petèt* sak peche nou yo : Yon gwo dèt devan Bondye Sen an, chak moun gen pou rankontre pèsònèlman.

Erezman, li *posib* pou nou ka libere anba dèt sa ! Bib la montre nou bò kote kilès nou ka jwenn sa, pou nou peye pou sa. Pri a, se san presye Kris la, ki te koule sou lakwa. Se lavi l li te bay pou sila ki vle jwenn padon pou peche li yo. Pa gen anyen pou n peye, tout moun *ka* pwofite lavi etènèl gratis sa, e pa gen dout nan sa. Se Jezi ki bay asirans sa, li menm ki di : “Mwen pap mete deyò moun ki vin jwenn mwen” (Jan 6. 37). Nou kapab resevwa kado lavi li pou nou tankou yon kado pafè, ki pa gen anyen pou nou bay an retou. “Bondye te rachte nou... se pa t avèk bagay ki ka peri, tankou lajan ak lò, men avèk san presye Kris la” (1 Pyè 1. 18, 19). Gen yon sèl kondisyon : se rekonèt dèt nou an, nou pa kapab peye epi aksepte Kris te peye tout pou nou. Men se *kounye a* pou nou fè sa. Petèt demen ka twò ta.

# 18

février

**Que profitera-t-il, en effet, à un homme de gagner le monde entier, s'il se perd ou se détruit lui-même ?**

Luc 9. 25

## **Gagner le gros lot**

Tant que le “jackpot” d’une loterie n’a pas été touché, son montant augmente, et de plus en plus de joueurs tentent leur chance. La probabilité de gagner diminue donc pour chacun, et pourtant tous rêvent d’empocher le pactole.

Mais la Bible pose la question : Que profitera-t-il de gagner le monde entier... toutes les richesses de la terre ? Pourtant, à la fin de notre vie, milliardaires ou pauvres, nous n’emporterons rien, sauf *peut-être* le bagage de nos péchés : une immense dette devant le Dieu saint, que chacun rencontrera personnellement.

Heureusement, il est *possible* d’être libéré de cette dette ! La Bible nous montre auprès de qui trouver le prix de ce rachat. Le prix, c’est le sang précieux de Christ, versé à la croix. C’est sa vie donnée en rançon pour celui qui veut être pardonné de ses péchés. Il n’y a rien à payer, tous *peuvent* profiter de ce salut gratuit, et il n’y a pas d’incertitude. C’est Jésus Christ qui l’assure, lui qui dit : “Celui qui vient à moi, je ne le mettrai pas dehors” (Jean 6. 37). Le don de sa vie pour nous est à recevoir comme un don parfait, sans contrepartie. “Vous avez été rachetés... non par des choses corruptibles, de l’argent ou de l’or, mais par le sang précieux de Christ” (1 Pierre 1. 18, 19). Une seule condition à remplir : reconnaître notre dette, le fait que nous sommes insolvable et accepter que Christ a tout payé pour nous. Mais *il faut* le faire maintenant. Demain sera peut-être trop tard.